**दिन–रविवार** **दिनांक–28.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मादी कहलनि जे भारत एहि वर्ष राष्ट्रीय सुरक्षा खेल आओर विज्ञान सँ लऽकऽ विश्वक सभ सँ पैघ मंच धरि सभ क्षेत्र मे अपन मजबूत छाप छोड़लक अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री कहलनि जे साल दू हजार पच्चीस हर भारतीय कैँ गौरवान्वित कयलक। ओ कहलनि जे ऑपरेशन सिंदुर सभ भारतीय के लेल गर्वक प्रतीक बनल। श्री मोदी कहलनि जे दुनिया स्पष्ट रूप सँ देखलक जे आब भारत अपन सुरक्षा सँ कोनो समझौता नहिं करत। प्रधानमंत्री वंदे मातरमक एक सय पचासम वर्षगांठ पर लोकसभक उत्साह आओर जोशक प्रशंसा कयलनि। ओ लोकसभ सँ हैशटैग वंदेमातरम एक सय पचास संग अपन संदेश आ सुझाव पठेबाक अनुरोक कयलनि अछि।

प्रधानमंत्री कहलनि जे वर्ष दू हजार पच्चीस खेल–कूदक लेल सेहो यादगार रहल। भारतीय पुरूष क्रिकेट टीम आईसीसी चैंपियन ट्रॉफी जीतलक। महिला क्रिकेट टीम पहिल बेर विश्व कप जीतलक। दृष्टिबाधित लोकनि टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्व कप जीतकऽ भारतक बेटी सभ इतिहास रचलनि। श्री मोदी कहलनि जे एशिया कप टी–ट्वेंटी क्रिकेट मे सेहो तिरंगा गौरव सँ लहरायल। ओ विश्व चैंपियनशिप मे कतेको पदक जीतय बला पैरा एथलीट सभक सेहो प्रशंसा कयलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्ष विज्ञान और अंतरिक्षक क्षेत्र मे सेहो भारतक बहुत पैघ उपलब्धि रहल। ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन पहुंचय बला पहिल भारतीय बनलथि।

प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्ष आस्था संस्कृति आओर भारतक अद्वितीय विरासतक संगम महाकुंभ प्रयागराज मे भव्य आयोजन भेल। समस्त दुनिया के ई महाकुंभ चकित कऽ देलक। ओ कहलनि जे वर्षक अंत मे अयोध्या राम मंदिर ध्वजारोहण समारोह सभ भारतीय के गौरवान्वित कयलक। प्रधानमंत्री स्वदेशीक प्रति लोकसभ मे बढैत उत्साहक सेहो सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे लोक मात्र ओहि वस्तु सभ के खरीद रहल छथि जाहि पर भारतीय सभक पसीना आओर भारतीय माटिक सुगंध अछि।

प्रधानमंत्री कहलनि जे देश नव आशा आओर नव संकल्पक संग दू हजार छब्बीस मे प्रवेशक लेल तैयार अछि। श्री मोदी आशा व्यक्त कयलनि जे वर्ष दू हजार छब्बीस विकसित भारतक दिसा मे एकटा महत्त्वपूर्ण पराव साबित होयत। ओ वर्ष दू हजार छब्बीसक शुभाकामना संदेश सेहो देलनि अछि।

प्रधानमंत्री विकसित भारतक संकल्प मे युवा सभक भूमिका कँ महत्त्वपूर्ण कहलनि। ओ कहलनि जे युवा नेता संवादक दोसर चरण शीघ्रहि आयोजित कयल जायत। प्रधानमंत्री कहलनि जे अगिला वर्ष बारह जनवरी के स्वामी विवेकानंदक जयंती पर राष्ट्रीय युवा दिवस मनाओल जायत आओर ओहि दिन **युवा नेता संवाद** मे ओ स्वयं सेहो भाग लेतथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे अगिला महिना देशक सतत्तरम् 77म गणतंत्र दिवस मनाओल जायत। अंत मे प्रधानमंत्री सभ गोटे सँ स्वस्थ रहबाक आओर फिट इंडिया अभियान मे भाग लेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे शीतकाल व्यायामक लेल उपयुक्त होयत अछि।

————————————————————

कांग्रेस पार्टी द्वारा विकसित भारत जी राम जी विधेयक विरोध मे आइ पटना मे प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम सँ गांधी मैदान धरि विरोध मार्च निकालल गेल। कांग्रेस पार्टी नव विधेयक मे महात्मा गांधीक नाम हटेबाक आओर आन प्रावधानक विरोध कऽ रहल अछि।

————————————————————

परिवहन मंत्री श्रवण कुमार आइ औरंगाबादक आईडीटीआर मे पिंक बसक महिला चालक सभ लेल आयोजित प्रोत्साहन कार्यक्रम उद्घाटन करैत कहलनि जे पूरा राज्य मे एक सय पिंक बस संचालित कयल जा रहल अछि।

————————————————————

राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र अत्यधिक ठंडा आओर बहुत बेसी कुहासाक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतव्यक अनुसार जहानाबाद मे शीतदिवस जखनकि अररियाक फारबिसगंज, गया, बक्सर, औरंगाबाद आओर अरवल मे शीतदिवसक स्थिति बनल रहल। पिछला चौबीस घंटाक दरमियान नालंदाक राजगीर प्रदेशक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। ओतय न्यूनतम तापमान छओ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक जे अगिला तीन दिन धरि राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे ठंडाक प्रकोप जारी रहत। ओतय कतेको क्षेत्र मे घनगर कुहेसक संभावना अछि। दरभंगा एयरपोर्ट सँ कतेको उड़ान प्रभावित भऽ रहल अछि।

————————————————————————————

मुंगेर जिला  हवेली खड़गपुर मे आइ तीन इनामी नक्सली सभ आत्मसमर्पण कयलक अछि।एहि तीनु पर तीन–तीन लाख टाकाक ईनाम घोषित कयल गेल छल।

————————————————————————————

बेगूसराय पुलिस द्वारा एक व्यक्ति के फर्जी डीएसपी बनि कऽ लोक सभ सँ ठगबाक आरोप मे गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल